दिन—बुध दिनांक—26.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक ओम बिरला फेर सँ लोकसभा अध्यक्ष चुनल गेलाह अछि। हुनका ध्वनिमत सँ निर्वाचित घोषित कयल गेल। कांग्रेस एहि पदक लेल के. सुरेश कैँ अपन उम्मीदवार बनौने छल। यद्यपि पार्टी अध्यक्ष पद के निर्वाचनक दरमियान मत विभाजनक मांग नहि कयलक। अध्यक्ष चुनल जयबाक बाद प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, विपक्षक नेता राहुल गांधी आ संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू, ओम बिरला के अध्यक्षक आसन धरि लऽ गेलाह। एहि सँ पहिने आइ भोर सदनक कार्यवाहीक प्रारम्भ मे प्रधानमंत्री श्री मोदी आ राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधनक बारह आन नेता सभ श्री बिरला के अध्यक्ष चुनबाक प्रस्ताव प्रस्तुत कयलनि। ओतहि, विपक्षक दिस सँ शिवसेना—यूबीटी नेता अरविन्द सावन्त, राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी—शरद पवार के सुप्रिया सुले समाजवादी पार्टीक आनन्द भदौरिया श्री के. सुरेशक पक्ष मे प्रस्ताव रखलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी श्री बिरला के बधाई दैत कहलनि जे श्री बिरला के दोसर बेर निर्वाचित होयबा सँ इतिहास बनल अछि। श्री मोदी कहलनि जे सदन अगिला पाँच वर्ष धरि हुनक मार्गदर्शनक लाभ उठाओत। प्रधानमंत्री कहलनि जे सांसद के रूप मे श्री बिरलाक काज नव सदस्यक लेल प्रेरणा स्रोत होयत। विपक्षक नेता राहुल गांधी श्री बिरला के बधाई दैत कहलनि जे ई सदन लोक सभक आकांक्षा के प्रतिनिधित्व करैत अछि। ओ श्री बिरला के सदनक सुचारू संचालन मे विपक्ष के समर्थनक आश्वासन देलनि। श्री गांधी कहलनि जे सहयोग विश्वासक आधार पर होइत अछि आ विपक्ष के अपन विचार रखबाक अवसर देबाक चाही।

---

एहि सँ पूर्व अठारहम लोकसभा मे नव निर्वाचित सांसद सभ के शपथ लेबाक प्रक्रिया पूरा भऽ गेल। दू दिन धरि चलल शपथ ग्रहण समारोह प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के शपथ ग्रहणक संग आरम्भ भेल छल। श्री मोदी लोकसभा मे सदनक नेता छथि। पहिल दिन कुल दू सय छियासठि सांसद शपथ लेलनि आ शेष सांसद काल्हि शपथ लेलनि। पाँच सांसद लोकनिक शपथ ग्रहण नहि भऽ सकल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू काल्हि लोकसभा आ राज्यसभाक

संयुक्त बैसक कैँ सम्बोधित करतीह। एकर बाद मौजूदा सत्र मे विधायी कार्य निपटाओल जायत।

---

भोजपुरक अगिआंव विधानसभा सीटक लेल उपचुनाव मे नव निर्वाचित विधायक भाकपा–मालेक शिव प्रकाश रंजन के आइ सदनक सदस्यताक शपथ दियाओल गेल। विधानसभा अध्यक्ष के कक्ष मे आयोजित समारोह मे अध्यक्ष नन्द किशोर यादव हुनका शपथ दियौलनि। एम्हर, रूपौली विधानसभा उप–चुनावक लेल नामांकन वापस लेल जयबाक आइ अंतिम दिन। एहि सँ पूर्व नामांकन पत्रक जाँच मे एक नामांकन रद्द कऽ देल गेल छल। जखनकि बारह उम्मीदवारक नामांकन सही पाओल गेल अछि। राजद सँ बीमा भारती, जदयू सँ कलाधर प्रसाद मंडल आ निर्दलीय शंकर सिंह सहित बारह उम्मीदवार मैदान मे छथि। मतदान दस जुलाई के होयत आ मतक गिनती तेरह जुलाई के कयल जायत।

---

नीट यूजी परीक्षा दू हजार चौबीस पेपर लीक मामिलाक जाँच तेजी सँ आगां बढि रहल अछि। पटना स्थित सीबीआई के विशेष अदालत आइ एहि मामिलाक दू अभियुक्त, बलदेव कुमार उर्फ चिंटू आ मुकेश कुमार के सीबीआई रिमांड पर दऽ देलक अछि। केन्द्रीय जाँच एजेंसी सीबीआई अदालत सँ एहि के रिमांडक मांग कयने छल। एम्हर एजेंसी अपन जाँचक दायरा बढ़बैत देश के विभिन्न भाग मे नीट परीक्षा केन्द्र पर वीक्षक के भूमिका मे रहल शिक्षक सभ सँ सेहो पूछताछ कयलक अछि। एहि क्रम मे सीबीआई के टीम आइ झारखंडक हजारीबाग मे ओएसिस स्कूलक प्रधानाध्यापक आ आन शिक्षक सभ सँ पूछताछ कयलक अछि। ओतहि, केन्द्रीय टीम महाराष्ट्रक बीड सँ सेहो किछु शिक्षक सँ पूछताछ कयलक अछि।

---

राज्यक अधिकांश भाग मे मॉनसूनक सक्रियता सँ वर्षाक परिस्थिति बनल अछि। राजधानी पटना आ लऽग–पासक क्षेत्र मे भोरहि सँ मेघ लागल रहल संगहि किछु स्थान पर हल्का वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग जनौलक जे राज्यक उत्तर–पश्चिम क्षेत्र सँ ट्रफ रेखा गुजरि रहल अछि। जकर प्रभाव सँ अगिला चौबीस घंटाक दरमियान उत्तरी भाग मे कतेको स्थान पर मध्यम सँ भारी वर्षाक पूर्वानुमान अछि। जखनिक पटना, गया, नालंदा,

शेखपुरा, नवादा, बेगूसराय सहित प्रदेशक दक्षिण भाग मे कतेको स्थान पर हल्का वर्षाक संभावना अछि। विभाग जनौलक जे अगिला दू–तीन दिन मे पूरा राज्य मे मॉनसून के सक्रिय हेबाक संभावना अछि। एहि के देखैत काल्हि आ परसू राज्यक उत्तरी भाग मे कतेको ठाम भारी वर्षाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एहि दरमियान किछु स्थान पर तेज अन्हर–बिहाड़ि चलबा आ वज्रपातक आशंका अछि।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक सिकटा प्रखंड अंतर्गत सेनुवरिया गाम मे वज्रपातक चपेट मे आबि जएबा सँ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेल जखनकि एक बच्चा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेल।

———————————————————————

सुपौल जिलाक प्रतापगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत दुअनिया मोड़ लऽग एनएच संतावन पर सड़क हादसा मे मोटर साइकिल सवार दू यूवकक मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

खगड़िया जिलाक एसटी, एससी विशेष अदालत एक महिला सँ दुर्व्यवहारक मामिला मे दू दोषी के दू–दू वर्ष कैदक सजाए सुनौलक अछि। एकर संगहि दुनू पर तीन–तीन हजार टाकाक अर्थदंड सेहो लगौलक अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।